

**NGARONJATKEUN SIKEP KAPERCAYAAN DIRI TUR HASIL DIAJAR  
MURID SUBTEMA PELESTARIAN KABEUNGHARAN SUMBER DAYA  
ALAM DI INDONESIA KALAWAN MODEL *DISCOVERY LEARNING***

**Oleh**  
**Dessy Lisdiana**  
**135060123**

**ABSTRAK**

Panalungtikan tindakan kelas (PTK) ieu dipigawe kalayan tujuan pikeun ngaronjatkeun sikep kapercayaan diri tur hasil diajar ngaliwatan model discovery learning dina subtema pelestarian kabeungharan sumber daya alam di Indonesia. Panalungtikan tindakan kelas ieu dilakukeun di kelas IV SDN Kertamulya I Kabuupaten Indramayu. Kasang tukang tina ieu panalungtikan teh nyaeta kaayaan murid can miboga sikep kapercayaan diri tur hasil diajar murid anu kirang nyugemakeun, kusabab murid can miboga kawani dina ngedalkeun pamadeganana, atawa can wanter dina ngajawab patalekan ti guru. Dina pangajaran, guru ukur make metode ceramah balukarna proses pangajaran murid condong jadi pasif. Panalungtikan ieu dilakukeun ngagunakeun metode panalungtikan tindakan kelas make desain panalungtikan Kemmis Mc. Taggart. Panalungtikan ieu dilakukeun dina 3 siklus, sarta kagiatan pangajarana anu saluyu jeung tahap model discovery learning. Anapon tehnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik observasi, hasil tes, jeung angket. Hasil panalungtikan nempongkeun yen ngagunakeun model discovery learning tiasa ngaronjatkeun sikep kapercayaan diri tur hasil diajar murid. Niley palaksanaan pangajaran dina siklus I nepikeun siklus III ngaronjat tina 3, 17 jadi kana niley 3,57, niley sikep kapercayaan diri dina siklus I nepikeun siklus III ngaronjat tina 57,14 % jadi kana niley 82,14 %, saterasna niley hasil diajar dina siklus I nepikeun siklus III ngaronjat tina niley 46,42 % jadi kana niley 89,2 %. Kacindekan anu dimeunangkeun dina panalungtikan ieu yen ngagunakeun model discovery learning tiasa ngaronjatkeun sikep kapercayaan diri tur hasil diajar murid dina subtema pelestarian kabeungharan sumber daya alam di Indonesia dikelas IV Sakola Dasar.

**Kecap galeuh : *discover learning*, sikep kapercayaan diri, hasil diajar.**